## Ádebiyatlar

1. Dáwqaraev N. Shıǵarmalarınıń toliq jiynaǵi II tom N, «Qaraqalpaqstan», 1977.
2. Abdijalaliov A. Folklorda motiv túsinigi. «Adabiy meros» jurnalı, T., 2021, №2, - B.107-111.
3. Maqsetov Q. Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarınıń poetikası. T., «FAN», 1965.
4. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki xalıq dóretpeleri. N., «Bilim», 1996.
5. Járimbetov Q., Nizamatdinov J., Allambergenova I. Qaraqalpaq folklorı. T., «Sano-standart», 2018.
6. Palımbetov K. Qaraqalpaq xalıq dástanı «Qoblan». N., «Bilim», 2020.
7. Eshonqul J. Mif va badiiy tafakkur. T., 2019.
8. Қасқабасов С. Қазақтың халық прозасы: - Алматы: «Ғылым», 1984, 67-6.



**REZYUME.** Maqolada qaharmonlik doslonlarda miflik motivning syujet rivojida tutqan o'rni haqida fikr yuritiladi. Shuningdek, motiv va syujetning o'z ara bo'g'liqligi tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается роль мифического мотива в развитии сюжета в героических романах. Также анализируется взаимосвязь мотива и сюжета.

**SUMMARY.** The article discusses the role of the mythical motif in the development of the plot in heroic novels. Also, the relationship between the motive and the plot is analyzed.


## УМАЙ АНА ОБРАЗЫНДА ҚУС КУЛЬТИНИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ


**З.Зарипова** - *докторант*

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими,*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*



**Таянч сўзлар:** миф, Умай она, қуш культи, сеҳрли қушлар, бахт қуши.
**Ключевые слова:** миф, мать-Умай, культ птицы, волшебные птицы, птица счастья.
**Key word:** myth, mother Umay, bird cult, magic bird, the bird of happiness.


Умай ананың биринши ҳаял (Тәңриниң ҳаялы) дәрежесиндеги ҳаяллар қудайына айланыўы, оларға мәдәткар болыўы, батыр ҳаял-қызлар ҳаққындағы эпикалық конструкциялардың қәлиплесиўине жол ашып бергенлигинде гуман жоқ. Оның мифологиялық образ сыпатында бир қатар метаморфозлық өзгешеликлерге ийе болыўы тәбийий қублыс болып, географиялық шеңбериниң кеңейиўине де жол ашылған. Яғный, оның руўхый бағдардағы хызметлери күшли трансформацияларға ушырап, ҳәрқыйлы мифологиялық образлардың пайда болыўына тийкар салған. Солардың бири, Умай ана образының Хумай, Суймырық, Аққуў, ҳ.т.б қуслар түринде сәўлеленгенлигин көремиз.

Умай ана образының әпсаналық қус образында көриниўиниң тийкарғы себеплериниң бири, оның аспан әлеминде жасаўшы Тәңири менен тәғдирлес болғанлығында деп түсиниў мүмкин. Ата-бабаларымыз мифлик түсинигиниң басым бөлегин, дерлик космогониялық исенимлер, болжаўлар, дәлиллеўлер менен байланыста сөз етиледи. Усы көзқарастан Умай ананың қус образындағы келбетин мифологиялық түсиниклердиң дәслепки трансформацияланыўы деп түсиниў мүмкин. Бул пикир айрым алымлардың илимий тезислеринен орын алған. Яғный, Умай образы дәслеп зооморфлық мазмунға ийе болып, соң антропоморфлық түсиниклер менен ушласып кеткен [1:124-126].

Қарақалпақларда Аққуў, Қарақус, Бүркит ҳәм Хумай адамларға пайда келтириўши кәраматлы қуслар қатарынан орын алады. «Химай қарақалпақлардың мифологиясы менен фольклорында қус-ийт, қус ҳаял, балаларға ҳәм ҳаялларға қәўендер қудай ретинде баҳаланады [1:124].

Этнограф Х.Есбергеновтың дала жазыўлары тийкарында ислеген мағлыўматлары бойынша, Қарақалпақларда Аққуў, Қарақус, Бүркит пенен бир қатарда Хумай қусты да караматлы деп түсинген. Хумай Қарақалпақлардың мифологиясы менен фольклорында Қус-ийт, қус-ҳаял, балаларға ҳәм ҳаялларға қәўендер қудай дәрежесинде баҳаланады. Қарақалпақларда аңшы ийт тазыны «Қумай» деп атаған. Хумай бәрқулла аспанда жасайды, жерге мәйек қояды. Сол мәйектен аңшы ийт (гончая собака) пайда болады. Қустан туўған Қумай ийт, шаңарақты, мал падаларын қорғайды. Ол ийесине жәрдемши, тилге түсинеди, олар менен бирге аўқатланады, бирге жасайды деген сыяқлы, эпикалық мағлыўматларды миллий басқыштан, басқа халықлардың Қумай қус ҳаққындағы мағлыўматлары менен салыстырып үйренеди [1:124-126].

Хумай магиялық қус болып, ылай суў, бултлы аспан түринде де қарақалпақлар арасында белгили болған [1:125.]. Оның аңшы ийт түриндеги образы А.Диваевтың Петровск, Чимкент уездълеринен жыйнаған материаллары бойынша «Итала ғаз» дың мәйегинен аңшы ийт шығады. Оны «Қумай» деп атайды. Ол жүдә сийрек ушырасады. Ол бахытлы адамлардың ғана қолына түседи» [2:149-150] деген мағлыўматлары келтирилген. Өз гезегинде, бундай аналогиялық мағлыўматлардың өз-ара сәйкес келиўи, белгили бир тарийхый дәўирлерде қус культиниң түркий тиллес халықлар орталығында әдеўир қәлиплескенлигин көрсетеди. Усындай сыпатламаларға тийкарлана отырып, биз қус культиниң халық дәстанларында орын алғанлығын атап өтпекшимиз. Мәселен, «Алпамыс» дәстанындағы хабаршы ғазлар, «Қоблан» дәстанындағы жәрдемши тырналар, лироэпикалық дәстанларда көбирек ушырасатуғын тарлан, таўыс сыяқлы қуслар қаҳарманлардың ең жақын ғамхоршылары болыўы менен бир қатарда, ерте дәўирлерден бери ата-бабаларымыздың санасына сиңип қалған Хумай қустың қәўендерлик ҳәрекетлерин еслетеди. Мәселен, Фирдоусидиң «Шахнама» дәстанында әпсанаўий қус Суймырық (Симург) Рустамды өлимнен қорғап қалады:

Қуслардың патшасы ғайбар қанатлы,
Қудай саған бар ықласын қаратты,
Адамларға жақын болғаның ушын,
Азаплардан қутқара алғаның ушын,
Мен қәлеймен жаўызлықлар болмаўын,
Сениң қудиретиң мәңги солмаўын [3:23-24].

Соны да айтып өтиўимиз керек, Хумо Қудай ана менен Симург қус образлары арасындағы уқсаслықлар илимий әдебиятларда жийи ушырасады [3:23-24].

Әзербайжан алымы Эртегин Саламзаде Хумо ҳәм Симург (Суймырық) қуслар түрк тиллериниң тотем түриндеги кәраматлы қуслары екенлигин айта келип, әййемги түрклерге тийисли мағлыўматларда, мифологиялық қус есапланған Хумо, ямаса Хумай-Қудай ана Умай менен тиккелей байланысы бар деген шешимге келеди. Тағы да ол Тугра, Суймырық, Хумо, Ақшункар, Каракус ҳәм Турул сыяқлы әпсанаўий қуслардың образларындағы семантикалық уқсаслықларын, атамаларының этимологиялық дәреклерине терең дыққат аўдарады [4:7-8].

Адамлардың қусқа, ямаса қуслардың адамларға айланыў мотиви сыяқлы метаформозлық қубылыслар нәтийжесинде пайда болған бундай образлардың дәреклери, әййемги дәўирлердеги жасаў шәраятларына ылайықласқан ойлаў, пикирлеў

қәбилетлериниң имканиятларын көрсетип бере алады. Мәселен, қарақалпақлардың «Едиге» дәстанында сөз етилетуғын Баба түлки Әзийз ҳәм үш каптер-қыз ўақыясы усы атамадағы басқа миллий версиялар ушын да характерли. Олардағы тийкарғы мотив кептер-қызлар қус кеплерин шешип суўға шомылыў ўақтында, Баба түлки Әзийз олардың биреўиниң кебин алып қояды. Кеби жоқ кептер қыз Бабаға турмысқа шығыўға ыразы болады. Бирақ, шәрт қояды. Әдеттегидей, шәртлер орынланбайды. Қыз кептер Бабадан болған баласын туўып, оны таслап кетиўге мәжбүр болады. Усы бағдарда дүньяға халық санасының идеалы еспаланған перзент дүньяға келеди. Ол ғайры тәбийий, жоқары күшлердиң жәрдеминде пайда болған перзент сыпатында, ел-халқының тәғдирине жуўапкер батыр болып жетилиседи. Булар әлбетте, әййемги мифологиялық түсиниклердиң даўамы-Умай ана сыяқлы Қудай аналардың хызметлерин даўамлаўшы трансформацияланған образлар болып табылады.

Қуслардың тотемлик функцияларының айрым тәреплерин қарақалпақ этнографы Х.Есбергенов белгилеп өтеди. Ол айырықша Қарақус ҳаққында айта отырып, оның халық түсинигинде, перзентсиз ҳаялларға перзент бағышлаўшы күш сыпатындағы өзгешеликлерине итибар қаратқан. Қара қустың кеби ҳаялларды ҳәм оның шаңарағындағы балалар менен ересек адамларды зыянлы руўхлардан қорғай алатуғын кәраматқа да ийе болған [5:116-117]. Бул мотив қарақалпақ халық дәстанларынан орын алыўы менен бир қатарда, халық ертеклеринде, әпсана-аңызларында да жийи ушырасады. Мәселен, «Жансап» ертегинде қыз бир неше мәртебе Жансапты алдап, кептер либасын кийип кетиўге ериседи [6:127-131]. Буннан басқа адамларға қаҳарманлық етиўши жәрдемши қуслар образлары «Ақ қус», «Лашын», «Сәнаўар», «Аққубай патша» ҳт.басқалар ертеклерден турақлы орын алған образлар сыпатында сәўлеленеди. Демек, адамның қусқа, ямаса қустың адамға айланыў мотиви түркий халықлардың фольклорлық дөретпелеринде турақлы мотив түринде, әййемги космогониялық дәреклерден бери қәлиплесип, раўажланып киятырғанлығын тастыйқлаўшы өзгешеликлери менен ажыралып турады ҳәм Умай ана образының антропоморфлық өзгешеликлерин белгилеўде тийкарғы эпикалық объект дәрежесиндеги әҳмийетин анықлаўымызға мүмкиншиликлер бар деген сөз.

Қуслар образы түринде Хумай қусқа жақын образлардан Қарақус пенен Суймырық көбирек тилге алынады. Оларға бахыт келтириўши қуслар сыпатында Арқа Кавказда жасаўшы түрк тиллес халықлар орталығында, әсиресе, Әзербайжанда ҳәм Өзбекстанда кеңнен белгили [7:23-24].

Бахыт қусы (Симург) Суймырық, ямаса «Хумо», Өзбекстанда адамларға бахыт ҳәм тынышлық, саў-саламатлық келтириўши қус сыпатында тән алынған.

Қумай қус ҳәм Суймырық Умай ана образына тиккелей қатнаслы болып, оның қанатларының саясы түскен адам бахытлы өмир кеширеди» [8:8]. деп түсинилген. Өзбеклердиң кәраматлы қусы Хумо менен руслардың мифологиясындағы Гомаюн араларында аналогиялық жақынлық туўралы алымлардың мынадай пикирлери бар: «Хумо» сөзинен шыққан келбетлик «Хумаюн» (рус тилинде «гомаюн») рус тилинде жағымлы, мийриман, жақсы, ҳақ пейилли, қайырхом, жоқары мәртебели, қайырлы, патшалық, императорлық деген мәнилерди береди. «Хумаюн» сөзи саналылықты билдиреди, оны басқа қуслардан ажыратып турады ҳәм тек патшалық қус екенлигин де аңлатады [9:6].

**Әдебиятлар**


1. Есбергенов Х.Е. «Хумай в зооморфном облике». // Вестник. ККО АН РУ, -Нукус: 1997, №1-2, -С.124-126.
2. Диваев А. Ит-ала-коз(поверье).Спб.1908, №1-2.Отд.ОТТ. -С.149-150.
3. Сапронов В. «Птица Хумо в Узбекистане». // «Наука и жизнь», №1, 1994, -С. 23-24.
4. Эртегин Саламадзе . «Хумо и Семург- священные тюркские птицы» Проблемы искусства и культуры. «Baki»- 2011.UOT 7.04. –С.7-8.
5. Есбергенов Х. Атамуратов Т. Традиции и их преобразование в городском быту каракалпаков. -Нукус: «Каракалпакстан»,1975. -С.116-117.
6. Қарақалпақ фольклоры. (Көп томлық), 67-том. –Нөкис: «Илим», 2014, 127-131- б.
7. Сапронов «Птица Хумо в Узбекистане». // «Наука и жизнь» 1, 1994, -С.23-24.
8. Эртегин Саламадзе. «Хумо и Семург- священные тюркские птицы» Проблемы искусства и культуры. «Baki»- 2011.UOT 7.04. -С.8.
9. Алиева Д.А. Мне счастье чудо птица несёт. http: // Yazik-Llitral.narod. ru/Lit 58. Htm. -С.6.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада туркий халқлар мифологиясида кенг қамровда маълум бўлган худо она – Умай она образининг афсонавий қуш қиёфасида кўриниши ҳақида сўз юритилади. Шунинг билан бирга, қуш культининг фетишлик хизматлари ҳақида тушунча берилиб, халқ оғзаки ижодидан мисоллар келтирилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье повествуется об образе богини Умай эне которая известна в мифологии тюркоязычных народов, которая описывается в образе мифологической птицы. Вместе с тем, приведены примеры о фетише культа птицы.

**SUMMARY.** The article tells about the character of the goddess Umai, which is known in the mythology of the Turkic-speaking peoples, which is described in the character of a mythological bird. At the same time, examples are given about the fetish of the bird cult.


## TÓLEPBERGEN QAYÍPBERGENOVTÍŃ XX ÁSIR AQÍRÍ XXI ÁSIR BASÍNDAĞÍ DÓRETIWSHILIK ÓZGESHELIKLERI


**A.Yusupova** – *magistrant*

*Ájiniyaz atındaġı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar**: T.Qayıpbergenov, ijod, povestlari, roman-esse, falsafiy qarashlar.
**Ключевые слова**: Т. Кайипбергенов, творчество, рассказы, роман-очерк, философские воззрения.
**Key words**: T. Kayipbergenov, creativity, stories, novel-essay, philosophical views.


Qaraqalpaqstan respublikasınıń qaharmanı, ullı jazıwshı Tólepbergen Qayıpbergenov dóretiwshiligi tuwralı qaraqalpaq ádebiyatında kóplegen ilimiy-publicistikalıq miynetler, dóretpeler kóplegen. Eń dáslepkilerden bolıp Q.Sultanov óz dissertaiyasında T.Qayıpbergenov shıġarmaların obiekt sıpatında alıp qaraġan bolsa, onnan keyin P.Nurjanov, A.Abdimuratov, H.Utemuratova, B.Palwanov, G.Begmuratovalar óz dissertaiyaların jaqladı. P.Nurjanovtıń "Jahon adabiyoti" jurnalındaġı "Olamga yol" (T.Qayıpbergenovtıń tuwılġanlıġınıń 80 jıllıġına) baġıshlanġan maqalasında T.Qayıpbergenov shıġarmaları haqqında aytıp, juwmaq sıpatında bılay deydi "Jazıwshınıń dóretiwshiligi tek ġana qaraqalpaq milliy ádebiyatında ġana emes Burınġı awqam hám dúnya júzi kóleminde ózine tán áhmiyetke iye bolġan waqıya sıpatında tilge alınıwġa ılayıq" –dep, jazadı [3:18].

Haqıyqatında da jazıwshınıń bunday dárejege keliwinde sol dáwirdegi jámiyetlik-siyasiy dúzimde óziniń tásirin ótkermey qalmaydı. Sonlıqtan da, shıġarmadaġı ideya-tematikalıq baġdarda óz kórinisin tabadı. XX ásir aqırında jazıwshı kóplegen tarıyxıy, ekologiya, liro-psixologiyalıq t.b baġdarda shıġarmalar dóretken bolsa, XXI ásirge kelip